

BAB V

KACINDEKKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMENDASI

Dina ieu bab dipedar jeung didéskrripsikeun ngeunaan: (1) kacindekan; (2) implikasi; (3) rékomendasi.

5.1 Kacindekkan

Dumasar hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab saméméhna, ieu hasil panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023. Dumasar hasil panalungtikan, kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI taun ajar 2022/2023 saméméh ngagunakeun média *Flash Card* kagolong goréng, rata-ratana 56,3. Peunteun pangleutikna nyaéta 34, peunteun panggedéna nyaéta 75. Tina 24 siswa, ngan aya 2 siswa anu meunang peunteun ≥ 75 .

Dumasar kana aspék-aspék nulis pangalaman pribadi anu diantara aspék eusi, organisasi karangan, kosa kecap, adegan basa, jeung mékanik (éjahan jeung diksi).

Dina aspék eusi, kamampuh nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun média *Flash Card* kagolong “Cukup” rata-rata peunteuna 18,6 tina skor maksimal 30. Dina aspék organisasi karangan, saméméh ngagunakeun média *Flash Card* kamampuh nulis pangalaman pribadi kagolong “Cukup” rata-rata peunteuna 12,7 tina skor maksimal 20. Kamampuh nulis pangalaman pribadi dina aspék kosa kecap saméméh ngagunakeun média *Flash Card* kagolong “Cukup” rata-rata peunteuna 11,4 tina skor maksimal 20. Dina aspék adegan basa saméméh ngagunakeun média *Flash Card* kagolong “Goréng” rata-rata peunteuna 10,7 tina skor maksimal 20. dina aspék mékanik (éjahan jeung diksi) saméméh ngagunakeun média *Flash Card* kagolong “Goréng” rata-rata peunteuna 2,8 tina skor 5,0. Tina 24 siswa, ngan aya 2 siswa anu kagolong kana katégori hadé, peunteunna ≥ 75 .. Ku kituna bisa dicidendekkeun yén kamampuh nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun média *Flash Card* kagolong goréng, rata-rata peunteuna rata-ratana 56,3.

Saenggeus ngagunakeun média *Flash Card*, kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung Taun Ajar 2022/2023 kawilang ngaronjat sarta kagolong hadé, rata-rata peunteun 80,79. Tina 24 siswa aya 3 siswa anu meunang peunteun ≥ 86 , kalawan katégori “Hadé Pisan”, 20 siswa meunang peunteun ≥ 75 kalawan katégori “Hadé”. Sedengkeun 1 siswa meunang peunteun ≥ 60 kalawan katégori “Cukup”. Dumasar kana lima aspék nulis pangalaman pribadi nya éta eusi, organisasi karangan, kosa kecap, adegan basa, jeung mékanik (éjahan jeung diksi). Dina aspék eusi saenggeus ngagunakeun média *Flash Card* kagolong “Hadé” rata-rata peunteuna 23,67 tina skor maksimal 30. Dina aspék organisasi karangan saenggeus ngagunakeun média *Flash Card* kagolong “Hadé Pisan” rata-rata peunteuna 18,5 tina skor maksimal 20. Sedengkeun Kamampuh nulis téks pangalaman pribadi dina aspék kosa kecap saenggeus ngagunakeun média pangajaran *Flash Card* kagolong “Hadé” rata-rata peunteuna 16,29 tina skor maksimal 20. Saenggeus ngagunakeun média *Flash Card* Kamampuh nulis téks pangalaman pribadi dina aspék adegan basa kagolong “Hadé” rata-rata peunteuna 18,79 tina skor maksimal 20. Dina aspék mékanik (éjahan jeung diksi) saenggeus ngagunakeun média pangajaran *Flash Card* kagolong “Cukup” rata-rata peunteuna 3,37 tina rata-rata 5,0.

Dumasar kana hasil panalungtikan, unggal aspék-aspekna (eusi, organisasi karangan, kosa kocap, kandaga basa, jeung mékanik) peunteun rata-ratana ngaronjat. Aspék eusi anu asalna 18,625 ngaronjat jadi 23,67. Aspék organisasi karangan nu asalna 12,7 ngaronjat jadi 18,5. Kitu deui aspék kosa kecap anu rata-rata 11,417 ngaronjat jadi 16,291. Aya deui aspék adegan basa anu asalna 10,67 ngaronjat jadi 18,791. Pamungkas aspék mékanik (éjahan jeung diksi) nilai asalna 2,875 ngaronjat jadi 1,939. Sedengkeun tina rata-rata peunteun saméméh ngagunakeun média *Flash Card* 56,3, saenggeus ngagunakeun média *Flash Card* rata-rata peunteuna jadi 80,79. Ieu téh nuduhkeun yén kamampuh siswa kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung saméméh , jeung saenggeus ngagunakeun média *Flash Card* téh ngaronjat dina unggal aspékna.

Dumasar hasil panalungtikan katitén aya béda antara rata-rata saméméh , jeung saenggeus ngagunakeun média *Flash Card*. Pikeun *validasi* panalungtikan, unggal data diuji ngagunakeun uji normalitas jeung uji hipotésis. dumasar hasil uji tina

Elis Widia, 2023

MÉDIA FLASH CARD DINA PANGAJARAN NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Shapiro Wilk nya éta 0,200. Hartina H_0 ditarima jeung H_1 ditolak sabab miboga distribusi leuwih ti 0,05. Bisa dicindekkeun yén data miboga distribusi normal. Satuluyna dilakukeun uji hipotésis. uji hipotésis téh bisa dituluykeun ngagunakeun statistik parametrik. Uji anu dipakéna nya éta *paired sample t-test*. Hasilna bisa dicindekkeun yén signifikansina (Sig. (2tailed)) 0,000. Niléy signifikansi $0,000 \leq 0,05$. Hartina H_1 ditarima, H_0 ditolak. Dumasar kana data di luhur, sacara déksriptif kapaluruh yén aya bédana antara kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Bandung saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *Flash Card*.

5.2 Implikasi

Saenggeus digunakeun média *Flash Card*, siswa jadi bisa mekarkeun ide jeung gagasana, ngajembaran pamikiran sarta ngabantu siswa pikeun ngabayangkeun naon nu rék ditulis ngaliwatan gambar nu aya dina média *Flash Card*, dina prak-prakna siswa jadi leuwih fokus sarta bisa ngebréhkeun ide nu aya dina pikirana. Ieu média gé ngawangun motivasi diajar sarta mantak ngirut siswa. Ieu téh katitén tina hasil diajar siswa saenggeus ngagunakeun média *Flash Card* leuwih alus ti batan saméméh ngagunakeun média *Flash Card*. média *Flash Card* anu eusina mangrupa gambar sarta kekecapan ngabantu siswa pikeun nginget-ninget pangalaman naon waé nu pernah kaalaman. Ieu téh ngabalukarkeun siswa bisa ngébréhkeun ide jeung gagasana, eusi tina pangalamana. Ieu ngalantarankeun peunteu siswa jadi ngaronjat. Bisa dicindekkeun yén ieu média *Flash Card* téh bisa méré implikasi anu hadé pikeun nulis pangalaman pribadi.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan, aya sawatara rékoméndasi anu bisa ditepikeun dina ieu panalungtikan, nya éta saperti ieu di handap.

- 1) média *Flash Card* bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran nulis, hususna nulis pangalaman pribadi;
- 2) ieu panalungtikan bisa dimekarkeun leuwih hadé ku cara ngaronjatkeun kréativitas médiana, salasahijina dina design;

Elis Widia, 2023

MÉDIA FLASH CARD DINA PANGAJARAN NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) média *Flash Card* leuwih éféktif saupama digunakeun ngaliwatan média digital; sarta
- 4) perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan média *Flash Card* dina pangajaran séjénna.

Elis Widia, 2023

MÉDIA FLASH CARD DINA PANGAJARAN NULIS PANGALAMAN PRIBADI (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII C SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2022/2023)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu